

**MIAMI-DADE & MONROE
BIWO PRINCIPAL**

University of Miami
Telefòn: (305) 284-6563
Imel: card@miami.edu

BROWARD - MAIN OFFICE

Nova Southeastern University
Telefòn: (954) 262-7111
Imel: card@nova.edu

www.card.miami.edu

Kisa Ki "CARD"?

MISYON NOU

Misyon nou se pou optimize potansyel moun k ap viva k otis ak lot andikap menm jan.

KOMAN "CARD" KA EDE?

CARD ofri yon seri de sevis ak pwogram pou moun ki gen Otis ak lot andikap menm jan pou tout laj. Sevis yo disponib pou tout fanmi an ak pwofesyonel ki travay avek yo nan tout rejyon... tout pou gratis. Sa yo enkli konsiltasyon nan lekòl, fòmasyon, gwoup sipò, gwoup sosyal pou adolesan ak granmoun, pwogram fòmasyon travay, kan rekreyasyon ak aktivite, ak plis ankò!

POUKISA MWEN TA DWE FÈ PATI "CARD"?

Lè ou se yon kliyan nan CARD, ou se yon pati nan fanmi nou pandan tout lavi ou. Ou konekte tou ak kominote otis ak andikap ki sanble nan tout Eta Florid la. Lè ou fè pati CARD ou gen aksè a anpil enfòmasyon ak resous lè ou plis bezwen yo.

KI MOUN KI KA FÈ PATI CARD?

Ou ka vin yon kliyan CARD si oumenm oswa yon manm fanmi w gen yon dyagnostik Maladi spectre otis (ASD) oswa yon lot andikap ki sanble, enkli soud avèg, andikap sansoryèl ak lòt kondisyon andikape, oswa reta nan devlopman nan timoun ki poko gen laj 9 si yo sispèk otis. Rejyon nou sèvi se Konte Miami-Dade, Broward, ak Monroe, men gen lòt CARD ki sèvi lòt 64 konte nan Florid.

KI JAN OU KA VIN YON KLIYAN CARD?

Tout sa ou bezwen fè pou vin yon kliyan se ale nan lyen ki sou bò dwat kat sa a, oswa rele oswa voye yon imèl ba nou nan youn nan nimewo ki sou devan kat sa a. Lè sa a, ou ka chwazi fè yon konsiltasyon an pèsòn oswa vityèl ak yon espesyalis CARD ki ka ede w jwenn aksè nan resous ou bezwen pou tèt ou oswa pou manm fanmi ou. Sèl bagay ou bezwen bay se dokiman ki konfime dyagnostik elijib pou oumenm oswa manm fanmi ou.



**ESKANYE QR KÒD
POU ENSKRI
OUBYEN VIZITE**

<https://bit.ly/CARDClient>



www.card.miami.edu